

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 5.1 Kacindekan

Ieu skripsi judulna “Naskah Guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” Karya Kalipah Apo: Transliterasi, Analisis Hermeneutik, Jeung Ajén Kaagamaan.” Ieu panalungtikan ngagunakeun métode déskriptif analisis anu mangrupa salasahiji métode dina panalungtikan kualitatif. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeunna nyaéta téknik studi pustaka. Dina ieu panalungtikan dipedar ngeunaan déskripsi naskah, transliterasi, analisis hermeneutik, jeung analisis ajén kaagamaan dina naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo. Dina ieu bab dipedar kacindekan-kacindekan anu dicangking tina ieu panalungtikan.

Naskah guguritan “Dangdanggula nu Jadi Mamanis” karya Kalipah Apo nu jadi sumber data panalungtikan ditulis di Bandung, mangrupa Proyék Penunjang Peningkatan Kebudayaan Propinsi Jawa Barat Bandung, ping 4 Desember 1974. Upama naskahna sorangan, ditulis ping 9 Romadhon 1325 H / 17 Oktober 1907. Ieu naskah ditulis dina wangun puisi kalayan ngagunakeun aksara Arab Pégon tur maké basa Sunda. Naskah nu ditalungtik kandelna 15 kaca. Ieu naskah nétélakeun pangalaman panulis ngeunaan lalampahan néang bebeneran sarta ngajéntrékeun hal-hal pikeun jadi manusa nu sampurna.

Hal nu mimiti dilakukeun ku panulis nyaéta prosés transliterasi anu gugon kana buku Pedoman *Transliterasi, Edisi, dan Terjemahan: Aksara Sunda Kuna, Buda, Cacaran, dan Pegon*. Tina hasil prosés transliterasi, panulis ngalakukeun panalungtikan mimiti pikeun mikanyaho idéntitas naskah sarta bisa ngadéskripsikeun waruga naskahna. Sabada ngadéskripsikeun naskah, panalungtikan dituluykeun kana analisis hermeneutik, nyaéta méré interprétasi naskah tina unggal padana sangkan nu maca leuwih maham kana eusi ieu guguritan.

Ajén kaagamaan nu kapanggih dina ieu panalungtikan dipasing-pasing dumasar kana sumber ajaran Islam, nyaéta Akidah, Syari'ah, jeung Akhlak. Anu kaasup kana akidah nyaéta 1) iman ka Alloh, 2) inget ka Alloh, 3) kakawasaan Alloh, 4) iman ka Rosululloh, 5) kudu aya dina jalan bebeneran, jeung 6) iman ka poé ahir. Anu kaasup kana syari'ah nyaéta 1) kawajiban nungtut élmu, 2) silih ngabantu, 3) kawajiban ngalaksanakeun ibadah, 4) jdi jalma nu mangpaat, 5) ninggalkeun hal nu teu mangpaat, 6) nahan hawa napsu, 7) syukur ka Alloh, jeung 8) ulah kupur ni'mat. Sarta nu kaasup kan akhlak nyaéta 1) ulah munapéak jeung kudu jujur, 2) ulah goréng sangka, 3) ulah kaleuleuwihi, 4) ikhlas, 5) usaha nu sosen-sosen, 6) bahaya miboga sipat riya, 7) tawakkal, 8) istiqomah, 9) bahaya sipat sarakah, jeung 10) ulah agul. Sakabéhna didasaran ku sumber hukum Islam nyaéta Al-Qur'an jeung Hadits.

## 5.2 Implikasi

Hasil transliterasi bisa digunakeun pikeun prosés maham masarakat kana maca aksara Arab Pégon ka aksara Latén. Tuluy tina hasil analisis hermeneutik bisa mantuan kana maham kana eusina sangkan kacangking hal penting jeung mangpaat nu nyampak dina ieu naskah.

Ajén agama dina ieu naskah bisa dipaké pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan sawatara hal pikeun ngahontal bebeneran jeung hal nu ngajadikeun manusa sampurna. Salian ti éta, ajén agama ogé bisa dilarapkeun dina kahirupan masarakat sapopoé, saperti dina cara ngadidik, sangkan milampah pagawéan anu hadé nalika di dunya.

## 5.3 Rékoméndasi

Ieu panalungtikan tangtu masih loba kahéngkéranna. Tapi sok sanajan kitu, ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh kana salasahiji karya sastra heubeul. Aya sawatara rékoméndasi anu ditujukeun ka sababaraha pihak, nyaéta saperti ieu dihandap

Pikeun masarakat, dipiharep bisa mikawanoh kana naskah, lantaran naskah téh salasihiji karya sastra heubeul anu bisa méré informasi pikeun masarakat di jaman kiwari. Pikeun mahasiswa Departemén Pendidikan Basa Sunda, dipiharep ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh kana naskah heubeul sarta pikeun ngaronjatkeun sumanget pikeun leuwih ngaguar deui naskah-naskah nu aya.